

Pi Bon pratik pou Nouri Timoun avèk Lèt Manman oswa Lèt Tibebe

Relasyon yo se Kè Swen Kalite

Itilize tan w ap nouri tibebe a pou devlope relasyon ou avèk li.

Enfòmasyon sou Sante ak Sekirite

Li enpòtan pou swiv pratik manipilasyon, preparasyon ak estokaj manje nan pwogram swen timoun yo.

- ◆ Toujou lave men ou anvan ou manyen bibwon oswa nouri yon ti bebe.
- ◆ Itilize plastik ki pa gen BPA, ki make #1, 2, 4 oswa 5 oswa vè.

Konsèy pou Sipòte Tibebe ki Nouri avèk Lèt Manman

- ◆ Diskite sou manje abityèl tibebe pwograme avèk paran yo.
- ◆ Mande si manman an vle pwograme dènye alimantasyon timoun nan pou jounen an pou li pare pou yo bay tete lè li rive.
- ◆ Si manman an vle nouri tibebe a nan pwogram nan, kreye yon kote ki trankil, konfòtab, prive: yon lavabo pou manman an lave men l, chèz konfòtab, zòrye, pouf, vè dlo pou manman an bwè.
- ◆ Li konseye pou gen yon rezèv lèt manman siplemantè soulamen. Konsève lèt manman an nan frizè a oswa nan frijidè a pou li pa gate.

Konsève Lèt Manman

- ◆ Make non bebe a sou bibwon yo ak dat ak lè yo te pran lèt la.
- ◆ Sere lèt la nan bibwon an plastik. Bibwon an vè yo ka kraze.
- ◆ Chak bibwon ta dwe kenbe jis ase pou yon repa.
- ◆ Mete glase ti bibwon youn oswa de ons lèt manman pou repa siplemantè.
- ◆ Itilize yon glasyè oswa blòk glas pou pote lèt fre oswwa glase nan gadri a.

Ki jan pou Deglase Lèt Manman ki Glase

- ◆ Deglase lèt nan frijidè a. Pa deglase l nan tanperati nòmal andedan kay paske bakteri yo ka devlope, (pa egzanp, sou kontwa kwizin nan).
- ◆ Kenbe li anba dlo fre (pa frèt) k ap koule.
- ◆ Lèt manman jele ka konsève nan yon vesò ki bye fèmen nan frizè a pandan jiska 3 mwa men li dwe toujou a 0° F oswa pi ba.
- ◆ Refrijere lèt deglase a 40° F oswa pi ba epi itilize li nan lespas 24 èdtan.
- ◆ Toujou itilize lèt ki pi ansyen an an premye
- ◆ Pa rejele lèt.

Li nòmal pou lèt manman an separe lè li konsève, jis souke li **dousman** pou remelanje li.

Tyedi Lèt Manman ak Lèt Tibebe

Ou pa bezwen tyedi lèt manman oswa lèt tibebe. Ou ka nouri yon bebe avèk li tou frèt san danje menm moman li soti nan frijidè a. Sepandan, ou ka vle tyedi lèt la si fanmi an oswa timoun nan vle. Fè anpil atansyon lè w ap tyedi bibwon yo. Lèt ki twò chofe ka boule tibebe a gravman.

- ◆ Kenbe bibwon an anba dlo tiyo tyèd (pa janm cho) k ap koule.
- ◆ Mete bibwon an nan yon kaswòl dlo tiyo tyèd.
- ◆ Tyèd sèlman kantite lèt manman oswa lèt tibebe ou pral itilize pou yon repa.
- ◆ Teste tanperati a anvan ou nouri li. Se sèlman aparèy chofaj bibwon ki pa itilize dlo oswa vapè pou chofe ki ka itilize nan anviwònman gadri timoun yo.
- ◆ Pa chofe lèt manman sou yon recho oswa nan yon mikwo ond. Recho ak mikwo ond ka domaje sibstans espesyal nan lèt manman an ki pwoteje sante tibebe a.



Lèt Tibebe

- ◆ Toujou itilize lèt tibebe a anvan "itilize anvan" dat oswa dat ekspirasyon ki sou vesò a.
- ◆ Pa glase lèt tibebe paske li ka separe.
- ◆ Ou ka konsève yon konsantre likid ki louvri oswa lèt tibebe ki pare pou itilize nan frijidè a pandan jiska 24 èdtan si bwat yo byen kouvri.
- ◆ Make non bebe a ak dat la sou bibwon yo.

Pa Manm Mete Oswa Kite yon Bibwon nan Bèso yon Tibebe.

- ◆ Sa kreye risk toufe pou l trangle.
- ◆ Sipò bibwò ankorajé dan gate.
- ◆ Reglemantasyon ototorizasyon yo egzije pou yo kenbe tibebe yo pandan y ap ba yo bibwon.

Apre Bebe a fin Nouri

- ◆ Itilize lèt Tibebe ki prepare nan lespas 24 èdtan apre melanj la.
- ◆ Jete lèt, lèt tibebe, oswa manje si li te soti nan frijidè a depi plis pase dezèdtan.
- ◆ Jete tout lèt tibebe oswa lèt bebe a pa fini apre li fin nouri. Lèt la pa sen ankò, menm si ou remete l nan frijidè a.

Mikwo ond, Aparèy Kwizin ki Lan, ak Aparèy chofaj Bibwon ki Itilize Dlo ak / oswa Vapè

– Yon Avètisman Espesyal

Fou mikwo ond yo pa an sekirite pou chofe lèt manman oswa lèt tibebe. Yo ka lakòz pwen cho ki ka boule yon timoun.

Aparèy kwizin ki lan, ak chofaj bibwon ki itilize dlo oswa vapè gen dlo tyèd ki ka mete timoun yo a risk pou yo boule. Lèt tibebe oswa lèt manman ki konsève nan dlo tyèd pandan yon peryòd pwolonje bay yon mwayen ideyal pou bakteri yo devlope.

Pratik sa yo entèdi pa politik otorizasyon EEC a.

Sous

"National Resource Center for Health and Safety in Child Care and Early Education, Caring for Our Children 4th edition" ("Sant Resous Nasional pou Sante ak Sekirite nan Gadri ak Edikasyon Bonè, Pran Swen pou Timoun nou yo 4yèm edisyon")


<http://nrckids.org/CFOC/Database/4.3.19>

"Nitrisyon ak Sante Tibebe: Sistèm Resous Travay WIC"

"Children's National Medical Center – Department of Trauma and Burn Services (Sant Medikal Nasional Timoun - Depatman Twomatis ak Sèvis Boule)

Règleman EEC 606 CMR 7.00
Politik Otorizasyon EEC, Sekirite pou Tyedi Bibwon

Pi bon Pratik pou
Nouri avèk
Bibwon
Nan yon
Anviwònman
Edikasyon
ak Swen
Bonè



Department of
Early Education and Care